

**RÈGLEMAN POU ASISTANS FINANSYE –  
REZIME NAN LANGAJ KLÈ**  
(FINANCIAL ASSISTANCE POLICY PLAIN LANGUAGE SUMMARY)

**Pou Jwenn Asistans pou Bòdwo Ou**

Enfòmasyon sa yo se pou nenpòt moun ki resevwa sèvis lopital nan men Orlando Health ak lopital afilye nou yo. Nan yon efò pou reponn a bezwen swen sante kominote a, gen asistans finansye ki disponib pou Pasyan/Moun ki bay garanti (moun ki responsab pou zafè lajan an) ki pa fin gen tout resous oswa ki san resous pou peye pou sèvis ijans oswa sèvis ki nesèsè sou plan medikal ki bay nan Orlando Health.

Asistans finansye a konsènen bòdwo Orlando Health ak doktè ki anplwaye la. Tout doktè ki travay pou Orlando Health yo dwe swiv Règleman Asistans Finansye Orlando Health la (FAP, Financial Assistance Policy). Founisè swen ki sou Kontra, founisè Kominotè/Prive pa oblije patisipe nan pwogram asistans finansye Orlando Health la. FAP a, Rezime nan Langaj Klè a, ak tiliv Resous Finansye pou Pasyan an disponib ann Angle, Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè.

**Kijan pou Mwen Kalifye pou Asistans Finansye?**

Ou ka mande èd pou bòdwo w nenpòt ki lè anvan, pandan, oswa aprè sejou ou nan lopital la. Asistans Finansye a baze sou enfòmasyon ki konsidere revni w pou yon ane ak gwosè fanmi w. Dapre Gid Povrete Federal ki gen nan moman an, ou gendwa kalifye pou swen gratis lè yo egzaminen revni, byen, ak lòt resous. Ou ka jwenn Gid Povrete Federal la nan <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

Yo pa gendwa chaje yon Pasyan/Moun ki bay garanti ki kalifye pou FAP plis pase Montan yo Yo pa gendwa chaje yon Pasyan/Moun ki bay garanti ki kalifye pou FAP plis pase Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed) pou ijans oswa lòt swen nesèsè sou plan medikal.

**Kijan Mwen Ka Aplike pou Asistans Finansye**

Pou jwenn gratis yon kopi FAP a, Aplikasyon pou Asistans Finansye, ak Rezime nan Langaj Klè a, ale nan <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>

Ou ka aplike pou èd pou bòdwo w yo pa lapòs. Ou ka jwenn dokiman sa yo nan nenpòt depatman Aksè Pasyan Orlando Health epi poste yo bay PO Box 560176, Orlando, FL 32856. Ou ka kontakte nou nan telefòn (321) 841-2596 | (877) 793-0145, oswa pa imèl nan [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com).

**Dokiman**

Ou responsab bay enfòmasyon alè sou benefis sante w, revni, byen ou, ak kenepòt lòt dokiman ki pral ede pou wè si w kalifye. Dokiman sa yo gendwa etadkont labank, fòm taks sou revni, souch chèk, oswa lòt dokiman.

**Aktivite Koleksyon**

Ou responsab tout bòdwo yo jiskaske yo fin egzaminen ak apwouve aplikasyon w pou asistans finansye. Bòdwo ki pa peye sou 240 jou apre premye dat bòdwo a, yo ka rapòte yo nan istwa kredi Pasyan an/Moun ki bay Garanti yo.

Kontakte nou si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan pwosesis voye faktirasyon oswa koleksyon yo.